# The Fear of the Lord

Kutya Jehovha ikorona youchenjeri, inomeresa rugare noutano hwakanaka; zvose zviri zvipo zvaMwari, uye kunowedzera mufaro wavo kuna vanomuda. Mudzi wouchenjeri ndiko kutya Jehovha, uye matavi ako upenyu hurefu. MUPARIDZI 1:18,20

Tarirai marudzi akare, muone; Kwakambovimba naJehovha here, akanyadziswa? Kana mumwe wakasara achitya, akasiyiwa here? Ndianiko waakazvidza, akamudana? Avo vanotya Jehovha havazotsauki Shoko rake; uye vanomuda vachachengeta nzira dzake. Vanotya Jehovha, vanotsvaka zvakanaka, zvinomufadza; uye avo vanomuda vachazadzwa nemurairo. Vanotya Jehovha vachagadzira mwoyo yavo, nokuzvininipisa pamberi pake. vachiti: Tichawira mumaoko aIshe, kwete mumaoko evanhu; nekuti sehukuru hwake, ndizvo zvakaitawo tsitsi dzake. MUPARIDZI 2:10,15-18

Kutya Jehovha kunotangira kupiwa simba, asi hasha nokuzvikudza ndiko kupera kwazvo. Vanhu vakuru, nevatongi, nevane simba, vachakudzwa; kunyange zvakadaro hakuna mumwe wavo mukuru kupfuura anotya Jehovha. MUPARIDZI 10:21, 24

Usatya hako, mwanakomana wangu, kuti tiri varombo; nekuti une fuma zhinji, kana ukatya Mwari, ukatsauka pazvivi zvose, ukaita zvinofadza pamberi pake. TOBIT 4:21
Asi ityai Jehovha, mumushumire nechokwadi nemoyo yenyu yose, nekuti rangarirai zvinhu zvikuru zvaakakakuitirai.
1 SAMUERI 12:24
Zvino huchenjeri hunobvepi? nzvimbo yenjere iripiko?
Kumunhu akati, Tarira, kutya Jehovha, ndihwo uchenjeri;
uye kubva pane zvakaipa ndiko kunzwisisa. JOBHO 28:20, 28

Kutya Jehovha kwakanaka, kunogara nokusingaperi;
Zvakatongwa naJehovha ndezvechokwadi, zvakarurama kwazvo kwazvo. PISAREMA 19:9
Nyika yose ngaitye Jehovha; Vose vagere panyika ngavadedere pamberi pake. PISAREMA 33:8
Ityai Jehovha, imwi vatsvene vake; nekuti vanomutya havana chavanoshaiwa. Uyai imwi vana, munditeerere;
Ini ndichakudzidzisai kutya Jehovha. Ndoupi munhu anoda upenyu, Anoda mazuva mazhinji, kuti aone zvakanaka? Dzora rurimi rwako pane zvakaipa, nemiromo yako pakutaura zvinonyengera. Ibva pane zvakaipa uite zvakanaka; tsvaka rugare, urutevere. PISAREMA 34:9, 11-14

Kutya Jehovha ndiko kutanga kouchenjeri; Vose vanoita mirairo yake vane njere dzakanaka; Kurumbidzwa kwake kunogara nokusingaperi. PISAREMA 111:10

imwi munotya Jehovha, vimbai naJehovha; Ndiye mubatsiri wavo nenhovo yavo. Acharopafadza vanotya Jehovha, Vaduku navakuru vose. PISAREMA 115:11, 13

Vanotya Jehovha zvino ngavati, tsitsi dzake dzinogara nokusingaperi. PISAREMA 118:4

Kunyange mutadzi akaita zvakaipa rune zana, akava namazuva mazhinji, kunyange zvakadaro ndinoziva zvirokwazvo kuti vanotya Mwari, vanotya pamberi pake, vachagara zvakanaka; asi akaipa haangagari zvakanaka, haangavi namazuva mazhinji, zvaakafanana nomumvuri; nekuti haatyi pamberi paMwari. MUPARIDZI 8:12-13

Zvino shoko guru pazvose zvatanzwa, heri: Itya Mwari, uchengete mirairo yake; nekuti ndizvo zvakafanira vanhu vose. nekuti Mwari achatonga basa rimwe nerimwe, pamwechete nezvose zvakavanzika, kunyange zvakanaka, kunyange zvakaipa. MUPARIDZI 12:13-14

Jehovha akakudzwa; nokuti anogara kumusoro, akazadza Ziyoni nokururamisira nokururama. Panguva dzako pachava nokugarika nokuziva, nesimba rokuponeswa, nouchenjeri nezivo;
kutya Jehovha ndiyo fuma yake. ISAYA 33:5-6

Kudzai vanhu vose. Idai hama. Itya Mwari. Kudzai mambo.
1 PETRO 2:17
Achiti nenzwi guru: Ityai Mwari, mupe rumbidzo kwaari; nekuti nguva yekutonga kwake yasvika; namatai iye wakasika denga nenyika, negungwa, namatsime emvura.
ZVAKAZARURWA 14:7

Kutya Jehovha ndiko kuvamba kwezivo; Mapenzi anoshora uchenjeri nokurairirwa. ZVIREVO 1:7

Usazviti ndakachenjera; Itya Jehovha ubve pane zvakaipa.
Zvichava mushonga paguvhu rako Nemwongo pamafupa ako.
ZVIREVO 3:7-8
Kutya Jehovha ndiko kuvenga zvakaipa; Kuzvikudza namanyawi nenzira yakaipa, nomuromo unonyengedzera, ndinozvivenga.
ZVIREVO 8:13

Kutya Jehovha ndiwo mavambo ouchenjeri; uye kuziva Mutsvene ndidzo njere. ZVIREVO 9:10-11

Kutya Jehovha kunowedzera mazuva; Asi makore owakaipa achatapudzwa. ZVIREVO 10:27

Pakutya Jehovha pane simbiso kwazvo; Vana vake vachava noutiziro. Kutya Jehovha itsime roupenyu, Kuti munhu apukunyuke pamisungo yorufu. ZVIREVO 14:26-27

Zviri nani kuva nezvishoma uchitya Jehovha, Pakuva nefuma zhinji nokutambudzwa. Kutya Jehovha kunodzidzisa uchenjeri; uye kuzvininipisa kunotangira kukudzwa. ZVIREVO 15:16,33

Zvakaipa zvinodzikunurwa nenyasha nechokwadi; Nokutya Jehovha vanhu vanobva pane zvakaipa. ZVIREVO 16:6

Kutya Jehovha kunoisa kuupenyu; haangashanyirwi nezvakaipa. ZVIREVO 19:23

Kuzvininipisa nokutya Jehovha Ifuma nokukudzwa noupenyu. ZVIREVO 22:4

moyo wako ngauregere kugodora vatadzi; Asi utye Jehovha mazuva ose. nekuti zvirokwazvo kune mugumo; nezvawakatarira hazvingaparadzwi. ZVIREVO 23:17-18

akati kuvatongi, Chenjerai zvamunoita; nekuti hamutongeri vanhu imwi, asi Jehovha; iye anemi pakutonga kwenyu. Naizvozvo zvino kutya Jehovha ngakuve nemi; chenjerai, muzviite; nekuti kuna Jehovha Mwari wedu hakuna zvakaipa, kana kutsaura vanhu, kana kugamuchira fufuro.
2 MAKORONIKE 19:6-7